



REPUBLICQUE D'HAÏTI
UNIVERSITE D'ETAT D'HAÏTI
RECTORAT

No. *VRR/0663.*

Pòtoprens, 03 janvyè 2013

Konsèy Minis
PEYI D AYITI

Palè Nasyonal.-

SOU : *Lang kreyòl kòm dezyèm lang ofisyèl nan CARICOM.*

Ekselans Mesye Prezidan,
Ekselans Mesye Premye Minis,
Ekselans Mèdam, Mèsye Minis GOUVENMAN AN,

Rektora Inivèsite Leta d Ayiti ak ***Komite pou tabli Akademi Kreyòl Ayisyen an,*** salye nou ak respè, epi pwofite swete Gouvènman an yon Bòn Ane 2013 nan lapè, pwosperite ak Limyè pou li rive pran bonjan desizyon ki pou mete peyi a sou wout devlopman dirab.

Komite a te ekri Prezidan Michel J. Martelly yon lèt, nan dat 20 novanm 2012, kote li te Mande Prezidan an yon randevou pou l te kapab eksplike poukisa peyi d Ayiti ta dwe pwopoze lang kreyòl pou dezyèm lang ofisyèl CARICOM.

Menmjan an, nan dat 26 novanm 2012, komite a te ekri Minis Kilti a, Minis Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl la, Minis Zafè Etranjè a sou menm kesyon an. Komite a pa janm jwenn repons.

Se poutèt sa Komite a deside voye yon lèt tou louvri bay tout manm pouvwa egzekitif la pou fè yo sonje jan se yon kesyon enpòtan sitou nan moman otorite peyi d Ayiti gen lonè pran tèt Caricom pou 6 mwa k ap vini la yo.

Komite a vle atire atansyon gouvènman an sou reyalite sosyal ak lengwistik peyi a nan respè dwa lengwistik ak entegrasyon tout sitwayen yo, epi sou reyalite rejyonal ak lengwistik pèp ayisyen nan rapò li ak lòt pèp nan Karayib la ki nan CARICOM. Komite a ap mande gouvènman an pou li pran an konsiderasyon *dokiman prensip* ki sòti nan rankont CARICOM nan dat 14 Janvyè 2011 nan Jamayik kote peyi yo te antann yo pou yo pale lang nasyonal yo ; menmjan an pou Gouvènman an pa mete rezilta atelye travay 30 avril 2012 la sou kote, yon atelye ki te fèt nan otèl *Le Plaza* nan Pòtoprens, kote peyi Sentlisi ak peyi Ladominik te antann yo ak Ayiti pou fòme yon *blòk peyi kreyòl* nan CARICOM pou fasilite echanj kiltirèl ak entegrasyon pèp sa yo dekwa pou òganizasyon peyi CARICOM yo ka vini pi dyanm.

Mesye Prezidan, Mesye Premye Minis, Medam, Mèsye manm Konsèy Minis lan, gen anpil avantaj peyi a kapab tire nan sèvi ak lang kreyòl kòm lang ofisyèl nan CARICOM. Komite a prezante yo nan agimantè ki akonpaye lèt sa a e li espere nou va pran yon ti tan pou li li. Pou fyète nasyon an ak avansman lang nou an, komite a espere nou va pran demann li a an konsiderasyon pandan li ap mande nou resevwa salitasyon patriyotik li.

Viv Repiblik la ! Viv Ayiti ak lang li ki se nanm li !

Pou komite a,



.....
Fritz DESHOMMES
Vis Rektè Rechèch
Ivèsite Leta d Ayiti

.....
Rogèda Dorcé DORCIL
Dwa Ven Fakiltè
Lengwistik Aplike

.....
Sony ESTEUS
Sosyete Animasyon
Kominikasyon Sosyal

.....
Paste Paulin JEAN BAPTISTE
Sektè pwotestan
Lengwis

.....
Rev. Jean Pierre Nzemba Wayi
Direktè Jounal
Bon Nouvèl

.....
Doktè Yves Dejean
Sosyete sivil
Lengwis

.....
Max BEAUVOIR
Konfederasyon Nasyonal
Vodouyizan Ayisyen

.....
Monseyè Pierre Antoine PAULO
Reskonsab komisyon Episkopal ak
Tradiksyon Bib la, Legliz Katolik

.....
Adeline CHANCY
Ansyen Minis
Kondisyon Fanm